

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA
AK JEWOGRAFI MONN LAN II

Jedi 22 janvye 2026 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou a sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou a. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo yon fason ilegal anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA A.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

Lavi nan Vèsay

. . .Nonsèlman li [Wa Louis XIV] te atann pou tout moun distenge yo prezan nan Lakou wayal a san rete, men li te byen vit remake absans moun ki te nan yon nivo enferyè; nan *lever* l [leve nan maten], nan *coucher* l [al kouche], manje l, nan jaden Vèsay yo (sèl kote konseye yo an jeneral te gen dwa suiv li), li te konn voye je l adwat agoch; pa t gen anyen ki te chape l, li te wè tout moun. Si yon moun ki te abitye viv nan Lakou wayal a te absan, li te ensiste pou l konnen rezon an; moun ki te vin la sèlman pou vizit rapid te dwe bay yon eksplikasyon satisfèzan tou; nenpòt moun ki te raman oswa pa janm parèt te fè li fache [e li te fè yo konn sa. Si yo te mande l pou l fè moun sa yo yon favè, li ta reponn [avèk awogans]: “Mwen pa konnen l”; pou moun ki te raman prezante tèt yo, li ta di: “Se yon nonm mwen pa janm wè”; epi pa t gen okenn apèl kont jijman sa yo. . . .

Sous: Louis de Rouvroy Saint-Simon, *Memoirs of the Duke de Saint-Simon (Memwa Chèf Saint Simon)*

- | | |
|---|---|
| <p>1 Yon istòriyen t ap twouve pasaj sa a pi itil pou l konprann</p> <ul style="list-style-type: none">(1) règ diplomasi Louis XIV te suiv yo(2) efikasite rèy Louis XIV la(3) metòd Louis XIV te itilize pou kontwòle noblès la(4) kwayans dwa diven Louis XIV yo | <p>2 Ki sitiyasyon istorik ki pi sanble ak sa ki dekri nan pasaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Fidel Castro te dirije rebelyon yo nan peyi Kiba(2) emansipasyon sèf yo nan Larisi sou Catherine la Grande (Catherine the Great)(3) aplikasyon yon lòt opsyon sistèm prezans nan Tokugawa Japon(4) mobilizasyon Gad Wouj la pou retire ofisyèl kòwonpi yo anba Mao Zedong |
|---|---|

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 3.


. . .Apa de kontra orijinal sa a, vot majorite a toujou angaje res pep la; e sa a se yon konsekans kontra a li menm. Men, nou ka mande kijan yon moun ka lib epi fòse an menm tan pou l konfòme l ak volonte ki pa pou li. Kijan minorite opoze a ka lib epi gen pou respekte lwa yo pa t dakò avèk yo? . . .

Sous: Jean-Jacques Rousseau, *The Social Contract (Kontra Sosyal la)*, 1762

- 3 Ki deklarasyon ki pi byen dekri sa otè a panse?
- (1) Wa a gen tout pouvwa.
 - (2) Sitwayen yo vote sèlman sou lwa yo dakò avèk yo.
 - (3) Pa gen limit sou pouvwa leta a.
 - (4) Pouvwa endividyèl la limite pa majorite a.

Sèvi ak desen komik ki pi ba a ak sa w konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 4 ak 5.

**Maximilien Robespierre te koupe
tèt bouwo a**



Sous: *La Guillotine an 1793* (adapte)

- 4 Ki deklarasyon desen komik sa a sipòte pi byen?
- (1) Pèp Fransè a te toleran anvè diferan relijyon yo.
 - (2) Lafrans te antre nan yon peryòd radikal nan revolisyon an.
 - (3) Yo te respekte ide ak valè Syèk Limyè yo nan peyi Lafrans.
 - (4) Lafrans te kreye yon monachi konstitisyonèl limite.

- 5 Ki sitiyasyon ki te rezilta sitiyasyon ki dekri nan desen sa a?
- (1) Sistèm byen imobilye Lafrans lan te retabli.
 - (2) Wa Louis XVI te retabli kòm monak absoli.
 - (3) Napoleon te monte sou pouvwa a epi li te diminye dezòd la.
 - (4) Legliz Katolik la te vin gen plis pouvwa.

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6.

. . . Apre yo te fin mache nan marekaj yo an 1819, mòn ki kouvri ak nèj yo te yon bèl bagay pou mestizo lame a ki t ap viv nan mòn yo. Sepandan, anpil moun nan plèn yo pa t janm wè kòdyè a [chèn mòn yo]; lè yo te wè pwochen etap vwayaj la, anviwon 300 te dezète. Twoup ki te rete yo te mache 400 mil nan chalè ak imidite plèn yo ki te fè yo pèdi enèji, men pa t gen anyen ki te ka prepare anpil nan yo pou altitud ak tanperati glase nan mòn Andes yo. . . .

Sous: Daniel Ray, "In the Footsteps of Simón Bolívar's Campaign to Liberate Colombia" (Sou tras kanpay Simón Bolívar pur liebre Kolonbi), *BBC World Histories*, Out/Septanm 2019

6 Yon istoryen t ap twouve pasaj sa a pi itil pou l

- (1) analize konpozisyon etnik fòs Simón Bolívar yo
- (2) chèche konnen varyab ekonomik ki te afekte twoup Simón Bolívar yo
- (3) evalye zam yo te itilize nan lit pou endepandans nan Amerik Disid
- (4) konprann enpak faktè jewografik yo sou lit pou endepandans Kolonbi a

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . Lè yo t ap deside sou sa pou yo fè pandan Grangou a, fonksyonè ak administratè gouvènman britanik yo te respekte teyori popilè epòk la, yo te rele laissez-faire (ki vle di kite bagay yo fèt), ki te defann yon politik pa entèveni nan kwayans ke tout pwoblèm t ap rezoud poukont yo apre yon tan atravè 'mwayen atravè 'mwayen natirèl'.

Konsa, yo te fè anpil efò pou inyore pwoblèm sosyal yo epi pou evite nenpòt entèferans nan zafè antrepriz prive oswa dwa pwopriyetè yo. Pandan tout peryòd grangou a, gouvènman britanik la pa t ap janm bay Ilann anpil èd alimantè anba sipozisyon ke pwopriyetè tè Anglè yo ak biznis prive yo t ap sibi domaj enjist akòz chanjman nan pri manje yo.

Nan respekte prensip laissez-faire la, gouvènman britanik la pa t pa t entèfere non plis nan zafè biznis ekspòtasyon grenn ki te pwodui nan peyi Ilann ke Anglè yo te kontwole. Pandan ane grangou yo, gwo kantite ble, lòj, avwan ak farin avwàn ki te kiltive nan peyi a te soti nan kote tankou Limerick ak Waterford pou ale ann Angletè, menm lè Ilandè lokal yo t ap mouri grangou. Kiltivatè Ilandè yo, ki te vreman bezwen lajn kach, te konn vann grenn bay Britanik yo regilyèman pou yo te ka peye lwaye fèm yo epi evite yo mete yo deyò. . . .

Sous: Philip Gavin, "The Irish Potato Famine" (Gwo Lafen nan Peyi Ilann), *History Place Online*, 12 jen 2000


7 Ki aksyon ki te rezilta sitiyaasyon ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) Grann Bretay te lanse nouvo politik ki te sipòte pwogram èd alimantè pou moun peyi Ilann yo.
- (2) Efò pou kontwole pri manje yo te lakòz yon amelyorasyon nan nivo lavi nan peyi Ilann.
- (3) Moun peyi Ilann yo te kòmanse imigre lòt bò dlo pou yo te ka chape anba grangou.
- (4) Sitwayen britanik yo te imigre nan peyi Ilann pou kontwole ekspòtasyon grenn ki te grandi nan peyi Ilann.

8 Teyori ekonomik ki dekri nan pasaj sa a gen plis rapò ak ide yo jwenn nan

- (1) Richès Nasyon yo (*The Wealth of Nations*) Adam Smith ekri
- (2) Espri Lalwa (*The Spirit of the Law*) Baron de Montesquieu ekri
- (3) Revandikasyon Dwa Fanm (*A Vindication of the Rights of Woman*) Mary Wollstonecraft ekri
- (4) De Trete Gouvènman (*Two Treatises of Government*) John Locke ekri

Sèvi ak desen komik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.



Sous: John L. Leech, *Punch*, 10 jiyè 1858

9 Ki sa ki te mennen nan sitiyaşon ki dekri nan desen sa a?

- (1) etablisman sendika travayè yo
- (2) diminişon komès maritim nan
- (3) lagè pwolonje ak konfli sivil
- (4) endistriyalizasyon ak ibanizasyon

10 Ki jan gouvènman britanik la te eseye amelyore sitiyaşon ki dekri nan desen sa a?

- (1) Li te kòmanse fè efò pou amelyore sanitasyon.
- (2) Li te rekòmande pou retounen nan yon sosyete agrikol.
- (3) Li te fe moun kite tè ki te ozalantou rivyè a.
- (4) Li te bati faktori sou bò larivyè a.

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

Konpayi Anglè East India Company te voye Robert Clive nan peyi Lenn an 1765 pou rezoud diskisyon epi pote solisyon pou abi anplwaye konpayi a te fè.

. . . Clive te fè yon akò ak anperè Mogul [Mughal] la, ki te chèf nominal peyi Lenn. Yo te bay anperè a Allahabad, pwovens Oudh te vin tounen yon eta tanpon ant li menm ak konpayi an, epi, pwen ki pi enpòtan an, anperè a te nonmen Konpayi East India Company la kòm diwan, oswa administratè revni, pou pwovens Bengal ak Bihar. Se etap sa a, nonmen Konpayi East India Company a kòm kolektè revni, ki te make kòmansman reyèl anpi Britanik la nan peyi Lenn, piske konpayi a te vin tounen yon chèf teritoryal kounye a, olye de yon senp òganizasyon komès. Li te kontwòle revni de pwovens ki pi rich nan peyi Lenn, estime a twa fwa revni nenpòt lòt pwovens, epi se li menm ke te fè lalwa nan Bengal. . . .

Sous: Woodbridge Bingham, et al., *A History of Asia, Volume II* (*Yon Istwa Konsènan Lazi, Volim II*), Allyn ak Bacon, 1974

11 Ki ipotèz pasaj sa a sipòte pi byen?

- (1) Grann Bretay ak peyi Lenn te vin patnè komèsyal egal.
- (2) Robert Clive te yon pèsonaj santral nan elajisman enfliyans Britanik nan peyi Lenn.
- (3) Anperè Mughal la te kontwòle avèk siksè pwovens ki pi pwofitab yo.
- (4) Konpayi East India Company an te vin tounen yon òganizasyon komès ki te dirije pa Mughal yo.

12 Nominasyon Konpayi East India Company Anglè a kòm kolektè revni ka konsidere kòm yon pwen enpòtan nan listwa Endyen paske li

- (1) kreye yon Kongrè Nasyonal Endyen
- (2) te mennen nan yon long peryòd dominasyon Britanik nan rejyon sa a
- (3) garanti endepandans pwovens Endyen yo
- (4) te transfòme pwovens Bihar ak Bengal yo imedyatman an sant iben rich

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

. . .Mouvman Jèn Hitler yo (Hitler Youth) te fòme ak objektif presi pou kreye patizan fidèl anvè leta a. Rive nan lane 1935, te gen plis pase twa milyon jen gason ak fi ki te gen 10 an oswa plis ki te enskri nan mouvman a. Youn nan slogan popilè yo se te “nou te fet pou nou mouri pou Almay”. Anplis de yon pwogram egzèsis fizik ki te mande anpil efò, yo te resevwa fòmasyon sou itilizasyon zam epi yo te tandè konferans sou ideyoloji Nazi a.

Sous: Chartock and Spencer, eds., *Can It Happen Again? (Èske sa ka rive ankò?)*, Black Dog & Leventhal

13 Pasaj sa a pi byen sèvi pou konprann

- (1) fason pati Nazi a te konn andoktrine timoun Alman yo
 - (2) poukisa Almay Nazi a te anvayi peyi vwazen yo
 - (3) objektif lwa Nazi yo nan Almay pou retire dwa moun pou yo pale
 - (4) mezi pati Nazi a te pran pou amelyore ekonomi Alman an
-

Sèvi ak desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 14.




Sous: *Punch*, 1936 (adapte)

14 Ki deklarasyon desen komik sa a pi byen sipòte?

- (1) Konpetisyon pou resous natirèl yo te lakoz moun te rejete diktati yo.
- (2) Nasynalis la ki t ap ogmante a te alimante enperyalis la pandan tout premye mwatye 20yèm syèk la.
- (3) Nasyonalis la te lakoz yon ogmantasyon mouvman endepandans atravè lemonn.
- (4) Retire kontwòl enperyalis la te lakoz yon ogmantasyon militaris la nan anpil nasyon.

Sèvi ak desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.



Sous: Philip Dorf, *Visualized World History (Istwa Lemonn Vizyalize)*,
Oxford Book Company, 1937


15 Desen komik sa a ka sèvi pou demontre

- (1) menas Japon te poze pou lòt teritwa nan Azi
- (2) teknoloji militè Japon te posede yo
- (3) limit jeyografik ki te pwoteje Lachin kont enfliyans etranje
- (4) alyans ki te fòme nan Azi de Lès

16 Ki youn nan kòz evènman ki parèt nan desen komik sa a?

- (1) tantativ envazyon Japon pa Larisi
- (2) defèt Japon nan Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) siksè Restorasyon Meiji Japon an
- (4) defèt Japon nan Lagè Sino-Japonè a

Sèvi ak karikati ki pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou w reponn kesyon 17 la.



Sous: David Low, *Evening Standard*, March 1948 (adapte)

17 Ki pwoblèm desen komik sa a ap pale sou li

- (1) pwopagasyon kominis la nan kèk pati nan Ewòp ak Mwayen Oryan an
- (2) sipò Sovyetik pou nasyon antkolonyal nan Afrik ak Azi Sidès
- (3) lagè pa pwokirasyon k ap fèt nan Amerik Disid ak Karayib la
- (4) devlopman zam nikleyè pa peyi Sid Azyatik ak Lès Azyatik yo

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 ak 19.

Nan mwa jen 1948, Sovyetik yo te fè objeksyon kont desizyon Almay Lwès la pou entwodui yon lajan Deutsche Mark ki te refòme nan Bèlen Lwès, epi yo te koupe koridò a [wout] nan nivo tè a. Nan yon sans ki pi laj, yo kwè ke yo te espere fè kenbe koneksyon an ak ansyen kapital Almay la tèlman yon tèt fè mal ke Lwès la ta reflechi sou tout bagay la epi kite lide a pase. Okontrè, menm si: Britanik yo ak Ameriken yo te inogire yon gwo pon ayeryen, yo te pote founiti pa avyon nan vil la - tout bagay soti nan manje ak teknoloji vital rive nan chabon. Yon repons egzajere, petèt, men li te fè blokaj Sovyetik la te parèt mesken, pa itil anyen - e, e sak pi mal la nan sikonstans sa yo, li pa t bay okenn rezilta \ [san siksè].

Sous: Michael Kerrigan, *Stalin*, Amber Books, 2018

18 Pandan ki konfli evènman yo dekri nan pasaj sa a te rive?

- | | |
|-----------------------|--------------------------|
| (1) Lagè Ris-Japonè a | (3) Dezyèm Gè Mondyal la |
| (2) Premye Gè Mondyal | (4) Lagèfwad |

19 Dapre otè sa a, objektif Pon Ayeryen Bèlen an sete pou

- (1) simen laperèz nan mitan pèp Bèlen an
- (2) bay moun Bèlen Lwès yo resous nesèsè yo
- (3) evakye sitwayen yo nan Bèlen Lwès
- (4) pwouve blokaj Bèlen an te efikas

Sèvi ak diskou pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21.

“Tout moun fèt egal. Yo resevwa nan men Kreyatè yo kèk dwa pèsonn pa ka vyole. Pami dwa sa yo genyen lavi, libète avek rechèch lebonè.” . . .

Deklarasyon imòtèl sa a soti nan Deklarasyon Endepandans Etazini an 1776. Nan yon sans ki pi laj, sa vle di: “Tout pèp sou latè egal depi yo fèt; chak moun gen dwa viv pou yo kontan e lib.” . . .

Sa yo se verite moun pa ka refize aksepte.

Malgre sa, pandan plis pase katreven zan, enperyalis Fransè yo, abize prensip Libète, Egalite, ak Fratènite a, vyole Patri nou an epi yo toufounen konpatriyòt nou yo. Yo aji kontrèman ak ideyal limanite ak jistis.

Nan domèn politik la, yo retire tout libète demokratik nan men pèp nou an.

Yo aplike lwa ki pa imen; yo mete an plas twa rejim politik diferan nan Nò, Sant ak Sid Vyetnam pou kraze inite nasyonal nou an epi anpeche pèp nou an ini.

Yo bati plis prizon pase lekòl. Yo touye patriyòt nou yo san pitye; yo neye soulèvman nou yo nan rivyè san. . . .

Sous: Ho Chi Minh, “Declaration of Independence of the Democratic Republic of Vietnam”
(Deklarasyon Endepandans Repiblik Demokratik Vyetnam nan), 2 septanm 1945

20 Ki deklarasyon ki pi byen dekri objektif otè a lè l te ekri diskou sa a?

- (1) L ap itilize ide Syèk Limyè yo pou mete aksan sou tretman enjis Fransè yo.
- (2) L ap demontre rejè li genyen pou ide Maksis yo.
- (3) L ap selebre kolaborasyon l avèk Japonè yo pou gouvènè Endochin.
- (4) Li anonse entansyon l pou l rantre nan Pak Vasovi a.

21 Ki youn nan rezilta diskou sa a te bay?

- (1) yon peryòd izolasyon
- (2) atak Kore Dinò yo
- (3) Laos ak Kanbòdj anekse
- (4) plizyè dizèn ane konfli ak pisans etranje yo

Sèvi ak diskou anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou w reponn kesyon 22 a.

. . .Mwen vle ou konnen objektif K.A.U. [Inyon Afriken Kenya]. Se pi gwo objektif Afriken yo genyen. Li enplike chak grenn Afriken nan Kenya epi se pòtpawòl yo pou mande libète. K.A.U. se ou menm epi ou se K.A.U. a. Si nou met tet nou ansanm kounye a, nout tout youn ak lòt, e chak tribi youn ak lòt, nou pral lakòz yo mete anplas nan peyi nan peyi sa a sa Ewopeyen yo rele demokrasi. Vrè demokrasi pa gen okenn distenksyon koulè. Li pa chwazi ant nwa ak blan. Nou isit la nan rasanbleman sa a anba drapo K.A.U. a pou nou jwenn ki wout ki mennen nou soti nan fènwa pou ale nan demokrasi. Pou nou jwenn li, nou menm Afriken yo, nou dwe reyalize dwa pou nou eli pwòp reprezantan nou yo anvan. Sa se siman premye prensip demokrasi a. Nou se sèl ras nan Kenya ki pa eli pwòp reprezantan li nan Lejislati a epi nou pral mete men nan travay pou nou korije [ranje] sitiyasyon sa a. . . .

Sous: Jomo Kenyatta, Speech at the Kenya African Union Meeting
(Diskou nan Reyinyon Inyon Afriken Kenya a), 26 jiyè 1952

22 Ki deklarasyon ki pi byen dekri sa otè a panse?

- (1) Demokrasi ap mennen nan mwens dwa.
 - (2) Distenksyon tribi yo ankouraje demokrasi.
 - (3) Vòt se yon pwosesis enpòtan nan kolonizasyon Ewopeyen an.
 - (4) Jwenn dwa pou vote a se premye pa nan devlopman yon demokrasi.
-

Sèvi ak desen komik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24 yo

. . . An 1963, Shah a te anonse Revolisyon Blan l lan, yon pwogram ki te gen ladan l refòm agrikol, nasyonalizasyon forè yo, vant antrepriz leta yo bay sektè prive a, yon plan pataj pwofi pou travayè endistriyèl yo, ak fòmasyon yon Kò Alfabetizasyon pou elimine analfabetis nan zòn rural yo. Revolisyon Blan an te bay fanm iranyen yo dwa pou vote tou, li te ogmante laj minimòm legal pou fanm marye a 18 an, epi li te amelyore dwa legal fanm yo nan zafè divès ak gad timoun. Kèk nan klèje Iran an, an patikilye Ayatollah Khomeini, te opoze refòm sa yo. Khomeini te dirije soulèvman 5 jen 1963 a, kote li te opoze ak Shah a ak Revolisyon Blan an. Pandan soulèvman sa a, otorite yo te kraze rezistans pami etidyan relijye yo nan yon seminè nan vil Qum, epi yon kantite etidyan te pèdi lavi yo. Aktivite Khomeini yo te finalman mennen l nan egzil nan Irak an 1964.

Sous: Shiva Balaghi, "A Brief History of 20th Century Iran" (Yon ti istwa sou Iran nan 20yèm syèk la), Grey Art Museum, New York University

- | | | |
|--|---|--|
| <p>23 Yon istoryen ta jwenn pasaj sa a itil pou konprann fason</p> <ul style="list-style-type: none">(1) ekspòtasyon petwòl la te ranfòse ekonomi Iran an(2) Shah a te diminye wòl fanm nan sosyete Iranyen an(3) Diferans ki genyen ant moun rich ak pòv nan Iran diminye grasa refòm yo.(4) segman tradisyonèl popilasyon Iran an te reyaji a refòm Shah a yo | <p> </p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> <p>⋮</p> | <p>24 Yon efè alontèm refòm yo dekri nan pasaj sa a sete</p> <ul style="list-style-type: none">(1) ranvèsman gouvènman Shah a(2) yon peryòd lapè ak pwosperite ekonomik pou tout Iranyen yo(3) yon alyans ant gouvènman Shah a ak lidè relijye yo(4) kreyasyon yon demokrasi dirab nan Iran |
|--|---|--|
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

. . . Men, natirèlman, mwen te konnen se t ap yon foli pou mwen pou m reponn konsa. Kontredi pwofesè a t ap sèlman mete m nan plis pwoblèm. Donk, mwen vale pawòl ki t ap koule sou pwent lang mwen yo epi mwen bese tèt mwen. Dlo cho te anvayi je m. Dlo kòlè. Dlo lawont. Mwen mòde bouch mwen pou m fòse yo pa koule. *Ann tann pou n wè, Pwofesè Lin. Yon jou m ap pran revanj mwen. Sou ou!*

Kounye a, lè a te rive pou moun ki pa gen anpil chans yo pale, pou yo chèche jistis! Tousuit, mwen pran yon plim, mwen tranpe l nan lank nwa epi mwen ekri yon dazibao ki long [kritik an gwo karaktè]. Grasa kèk nan teknik retorik Pwofesè Lin te anseye nou yo, mwen akize l de mank santiman pwoletè anvè elèv li yo, de trete yo tankou lènmi l, epi de siprime diferan opinyon yo. Lè mwen fini epi mwen montre l bay kamarad klas mwen yo, yo sipòte m lè yo siyen non yo sou li. Apre sa, nou pote *dazibao* a lakay Pwofesè Lin ki toupre a epi nou kole l sou miray chanm li pou l li ak anpil atansyon lajounen kou lannuit. Natirèlman, sa pa t yon revanj pèsònèl. Se te yon repons a apèl Prezidan Mao a pou konbat liy edikasyon revizyonis la. Si pandan tan sa a sa te lakòz Pwofesè Lin pase kèk nwit san dòmi, se pou sa! Revolisyon sa a te sipoze "touche nanm" moun yo, an patikilye yon pwofesè ki pa t popilè. . . .

Sous: Rae Yang, *Spider Eaters (Moun ki manje areyen)*, University of California Press, 2013

25 Ki devlopman istorik nan Lachin y ap dekri nan pasaj sa a?

- (1) aplikasyon politik Revolisyon Kiltirèl yo
- (2) reyaksyon sou siyati Trete Nanjing nan
- (3) pa renmen politik Kat Modènizasyon yo
- (4) kreyasyon Repiblik Pèp la nan Lachin ak Taywann

26 Ki sitiyaasyon ki pi responsab pou evènman ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) kreyasyon nivo enfliyans oksidantal yo
- (2) echèk Great Leap Forward
- (3) lanmò Deng Xiaoping
- (4) fen okipasyon Japonè a apre Dezyèm Gè Mondyal la

Sèvi ak atik ki anba ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

Malarya lakòz plis pase 400,000 lanmò chak ane, pifò ladan yo nan Afrik kote dezè sahara ye a. Pi bon fason pou konbat parazit moustik sa a se atravè dyagnostik rapid ak egzak, tretman ak kontwòl. Men, nan Ouganda, kote malarya se youn nan prensipal kòz lanmò, yon bon dyagnostik difisil pou jwenn. Tès san yo pran anpil tan epi yo mande teknisyen laboratwa ki resevwa fòmasyon ki pa toujou disponib nan ti klinik medikal pifò nan popilasyon an frekante.

Aprè yo te fin mal dyagnostike l pou twazyèm fwa a, enjenyè lojisyèl Brian Gitta te deside fè yon bagay pou sa. "Se te yon gwo pèt tan, ale nan klinik la, tann nan liy. Mwen te konnen te dwe gen yon pi bon fason." Pandan sis dènye ane yo, jèn gason 27 an te travay ak doktè, syantifik ak lòt enjenyè lojisyèl—kote yo tout te gen pwòp eksperyans yo ak maladi a—pou devlope yon metòd senp pou fè tès malarya san yon echantyon san, yon mikwoskòp oswa yon teknisyen ki resevwa fòmasyon.

Tout sa yo bezwen se nouvo envansyon yo a, yon aparèy pòtab gwosè yon bwat soulye yo rele yon matiskòp (ki soti nan mo Swahili pou tretman) ak yon telefòn entelijan. Pasyan ki gen sentòm ki sanble ak malarya, tankou gwo lafyèv, frison oswa tèt fè mal, ka mete yon dwèt nan sipò aparèy la, ki itilize leman ak yon reyon limyè wouj pou detekte chanjman nan selil san yo ki koze pa parazit malarya a. Telefòn entelijan an analize lekti yo, dyagnostike yo epi, si rezilta yo pozitif, yo ka telechaje yo nan yon griy nasyonal pou otorite sante nasyonal yo ka kontwole epidemi yo. Li kapab itilize ankò epi li bay rezilta nan de minit. . . .

Sous: Aryn Baker, *Time*, October 2019

27 Ki pwoblèm y ap dekri nan atik sa a?

- (1) yon mank travay pou teknisyen klinik yo
- (2) mank finansman pou travayè swen sante yo
- (3) nesèsite pou fè tès efikas pou maladi yo
- (4) mank aksè a telefòn entelijan nan peyi an devlopman yo

28 Ki repons y ap pran pou adrese pwoblèm ki prezante nan atik sa a?

- (1) itilize kolaborasyon entènasyonal
- (2) devlope nouvo teknoloji pou reponn ak bezwen lokal yo
- (3) konte sou metòd tradisyonèl pou evalye pwoblèm nan
- (4) ogmante aksè ak medikaman

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonsse pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsewa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye— vle di mete yon non ak oswa bay yon non.

Eksplike— vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon ak yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b sèvi ak Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1

. . .Disi fen ane 1920 yo, Joseph Stalin te konsolide pouvwa li kòm lidè Inyon Sovyetik la san kontestasyon. An 1928, li te prezante yon pwogram pou kolektivize fèm yo epi mete fen nan pwopriyete prive tè. Kiltivatè nan Ikrèn, yo te konnen kòm "panye pen" Inyon Sovyetik la pou tè ki pwodui l la, te reziste anvi bay tè yo bay leta a epi rantrè nan fèm kolektif yo.

Leta Sovyetik la anba Stalin te reponn ak yon pwogram yo rele "dekulakization," ki te mete kiltivatè yo deyò ak fanmi yo. Mo "kulak" la vle di "pwen" nan lang Ris epi yo te itilize li pou demonize kiltivatè prive ki te refize louvri "pwen sere" yo epi patisipe nan konstriksyon sosyalis la. Plis pase yon milyon kiltivatè ikrenyen te egzile nan zòn ki pi lwen nan Inyon Sovyetik la oswa yo te rete san kay oswa san travay nan pwosesis la. . . .

Sous: "Collectivization and the Holodomor" (Kolektivizasyon ak Holodomor a),
The Henry M. Jackson School of International Studies, Jen 2017

29 Eksplike sikonstans istorik ki te mennen nan kreyasyon fèm kolektif nan Inyon Sovyetik nan fen ane 1920 yo. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak konesans nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 la.

Dokiman 2

An 1986, Kongrè Etazini an te etabli Komisyon sou Lafen nan peyi Ikrèn nan. Komisyon an te gen manm ki soti nan Chanm Reprezantan yo, Sena a, Depatman Deta a, ak kominote Ikrenyen-Ameriken an. Yo te kreye komisyon an pou etidye grangou Ikrenyen nan lane 1932–1933 la epi pou bay piblik Ameriken an ak lemonn antye yon pi bon konpreyansyon sou wòl Sovyetik yo nan grangou sa a. Ekstrè sa a se nan temwayaj Madmwazèl Tatiana Pawlichka, yon sivivan grangou Ikrenyen an.

... An 1932, mwen te gen dizan, epi mwen sonje byen sa ki te pase nan vilaj kote m te fèt la nan rejyon Kyèv la. Nan prentan ane sa a, nou pa t gen prèske okenn grenn. Kominis yo te pran tout grenn yo, epi byenke yo te wè nou te fèb e grangou, yo te vin chèche plis grenn. Manman m te sere kèk mayi ki te deja jèmen, men yo te jwenn sa yo tou, epi yo te pran yo. Sa nou te rive simen [plante], moun ki t ap mouri grangou yo te rache l nan tè a epi yo te manje l.

Nan vilaj yo ak nan fèm kolektif yo (vilaj nou an te gen de kolektif), te gen anpil tè ki te rete san plante, paske moun pa t gen anyen pou yo te simen, epi pa t gen ase moun pou simen. Pifò moun pa t ka mache, epi kèk moun ki te ka pa t gen fòs. Lè, nan moman rekòt, pa t gen ase moun nan lokalite a pou rekòlte grenn nan, yo te voye lòt moun pou ede nan fèm kolektif yo. Moun sa yo te pale Ris, epi yo te ba yo pwovizyon.

Aprè rekòt la, moun nan vilaj yo te eseye soti nan jaden an pou chèche rès rekòt, epi kominis yo te konn arete yo, tire sou yo, epi voye yo Sibéri. Yo te pran matant mwen, Tatiana Rudenko. Yo te di li te vòlè byen fèm kolektif la.

Ete sa a, legim yo pa t menm ka mi—moun te rache yo nan tè a—pandan yo toujou vèt—epi yo te manje yo. Moun te konn manje fèy, òti, asklepyad, karèks. Nan otòn, pèsonn pa t gen poul oswa bèf. Detanzantan, yon moun te gen kèk pòm detè oswa bètrav. Moun ki t ap soti nan lòt vilaj yo te rakonte menm istwa a. Yo te konn vwayaje toupatou pou eseye jwenn manje. Yo te konn tonbe mouri sou wout la, epi pèsonn pa t ka fè anyen pou ede. Anvan tè a te jele, yo te jis kite kadav yo la a, nan nèt la; oubyen, si yo te mouri nan kay la, yo te trennen yo nan etab bèt yo, epi yo te rete la jele jis prentan rive. Pa t gen pèsonn pou fouye tonm. . . .

Sous: Commission on the Ukraine Famine (Komisyon sou grangou nan Ikrèn), 1986

30 Baze sou ekstrè sa a, esplike kijan odyans sib la afekte sa Madmwazèl Tatiana Pawlichka mete nan temwayaj li a. [1]

Score

Sèvi ak prèw ki soti nan **ni** nan Dokiman 1 ni nan 2 yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz—vle di yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, emèjans yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè—vle di sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.


- 31 Idantifye **epi** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa lide yo ke yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire w ou itilize prèw pou Dokiman 1 **ak** 2 nan repons ou a. [1]

Score

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32–34b): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1



Sous: Abraham and Pfeffer, *Enjoying World History (pran plezi nan listwa mondyal)*, Amsco (adapte)

Kontèks Jewografik—fè referans a kote devlopman/evènman istorik sa a ap dewoule ak poukisa l ap dewoule la a.

32 Esplike kontèks jeyografik chanjman fwontyè ant kat 1914 la ak kat 1923 la. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 a.

Dokiman 2

Mesye nan Kongrè a:

. . .Se pou monn nan fèt pou l vin an sekirite epi anfòm pou moun viv ladan l; epi patikilyèman pou l vin an sekirite pou chak nasyon ki renmen lapè, ki tankou pa nou an, vle viv pwòp lavi pa l, detèmine pwòp enstitisyon pa l, pou lòt pèp nan monn nan jwenn jistis ak bon jan tretman kont fòs ak agresyon egoyis. Tout pèp nan monn nan se patnè nan enterè sa a, epi pou pati pa nou, nou wè byen klè si yo pa fè jistis pou lòt moun, yo p ap fè l pou nou. Pwogram lapè nan monn lan, kidonk, se pwogram nou; epi pwogram sa a, sèl pwogram posib la, jan nou wè l la, se sa a: . . .

- X. Pèp Otrich-Ongri yo, ki gen plas pami nasyon nou vle wè pwoteje ak asire, ta dwe gen opòtinite ki pi lib pou yo devlope otonomi [endepandan].
- XI. Yo ta dwe evakye Woumani, Sèbi ak Montenegwo; yo ta dwe retabli teritwa okipe yo; yo ta dwe bay Sèbi aksè lib ak an sekirite nan lanmè a; epi relasyon plizyè eta Balkan yo youn ak lòt detèmine pa konsèy amikal sou liy fidelite ak nasyonalite ki etabli istorikman; epi garanti entènasyonal pou endepandans politik ak ekonomik ak entegrite teritoryal plizyè eta Balkan yo ta dwe antre an vigè.
- XII. Pòsyon Tik yo nan Anpi Otoman aktyèl la ta dwe gen yon souverènte ki an sekirite, men lòt nasyonalite ki anba dominasyon Tik yo ta dwe gen yon sekirite lavi san dout ak yon opòtinite pou devlopman otonòm san okenn antrav epi Dadanèl yo ta dwe louvri pou tout tan kòm yon pasaj lib pou bato ak komès tout nasyon yo anba garanti entènasyonal. . . .

Sous: Prezidan Etazini Woodrow Wilson, "Fourteen Points" (Katòz Pwen), 8 janvyè 1918

33 Baze sou ekstrè sa a, esplike pwennvi Prezidan Etazini Wilson konsènan sa ki ta dwe rive ann Ewòp. [1]

Score

Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34a ak 34b.

Evènman Enpòtan—se yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik ki pote gwo chanjman. Li ka lokal, rejyonal, nasyonal, oswa mondyal.

34a–34b Itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** Dokiman 2 a ak sa ou konnen nan syans sosyal:

- a) Idantifye yon moman enpòtan ki gen relasyon dirèkteman ak devlopman istorik ki nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]
- b) Esplike fason moman enpòtan ou idantifye a te kreye yon gwo chanjman pa mwayen prèv nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]

34a Score

34b Score

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan senk dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak konesans ou nan syans sosyal ak prèw ki soti nan dokiman yo pou kore repons ou avèk reyalyte, egzanp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degre siksè.

Sa pou w fè:

- Idantifye **epi** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo soulve
- Sèvi ak konesans ou nan syans sosyal ak prèw ou jwenn nan dokiman yo pou agimante poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon w, asire w

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou **omwen twa** dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèw ki soti nan **omwen twa** dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Bay agimante pou montre sa se yon gwo pwoblèm ki te pèsiste lè w montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan konesans ou nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye— vle di mete yon non ak oswa bay yon non.

Eksplike— vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon ak yon bagay.

Agimante— vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèw ak rezon yo pou kore yon konklizyon.

Dokiman 1

Demografi Sen Domeng [Ayiti] (1789–1790)

Repatisyon Popilasyon an	Blan Lib	Moun Po Fonse Lib	Esklav
Total = 560,000	32,000	28,000	500,000
Pousantaj Popilasyon	6	5	89
To kwasans (%/ane)	1.35	4.5	6
Tan pou double* (ane)	52	16	12

Sous: James E. McClellan III, *Colonialism & Science* (Kolonyalis ak Syans),
University of Chicago Press, 1992

*Tan pou double se kantite tan li pran pou yon popilasyon double gwosè li.

Dokiman 2

Philip Reeves te nan peyi Lenn epi li te fè yon entèvyou ak Shingara Singh. Li te depoze rapò sa a.

Pandan 87 ane, Bapu Shingara Singh te pote yon moso listwa terib nan tèt li. Yo panse Singh se dènye temwen ki rete nan yon atwosite lame okipasyon an te komèt nan Amritsar, nan nò peyi Lennd, vil sakre Sikh yo.

Singh te nan kòmansman ventèn li lè fòs Britanik yo, ki t ap eseye kraze yon soulèvman, te louvri dife sou yon gwo foul manifestan Endyen san zam.

Evènman 1919 la te enpòtan pou listwa peyi Lenn ak fen otorite enperyal Angletè a. Pifò nan monn nan bliye l, men li te fòme vizyon Singh sou monn lan. . . .

REEVES: Singh pale de san k ap koule tankou dlo, bal k ap vole. Singh di li gen plis pase 100 an. Lè w gade je l yo ki gen rid, ki koule dlo ansanm ak gwo bab blan l la, sa posib yon fason ki pafè, sa ta fè l ase granmoun pou l te temwen sa Endyen yo te rele masak Jallianwala [Amritsar] la. . . .

Sòlda yo te vin sou nou, li [Shingara Singh] di, epi yo te kòmanse tire. Li rale manch bra gòch li epi li montre yon blesi bal. . . .

Sous: Philip Reeves, "Amritsar Massacre a Fresh Memory for Last Witness" (Masak Amritsar la, yon nouvo souvni pou dènye temwen an), *All Things Considered*, NPR, 27 desanm 2006 (adapte)

Dokiman 3

Sa a se yon ekstrè nan yon memwa Loung Ung. Nan liv sa a, li dekri lavi l ak lavi fanmi l pandan rèy Khmer Rouge yo (1975–1979).

. . . Ansanm ak plizyè milyon lòt Kanbodyen, fanmi mwen te oblije kite vil la, yo te kite kay nou ak tout byen nou yo dèyè. Pandan twa zan, uit mwa ak venteyen jou, yo te fòse nou viv nan vilaj ki te sanble ak kan travay, kote chak jou te yon lendi epi chak lendi te yon jou travay, kit ou te gen sizan oswa swasantan. Anndan prizon nou an, ansyen lavi nou—relijyon, lekòl, mizik, revèy, radyo, fim ak televizyon—te entèdi. Yo te mete an plas règ ak lwa pou kontwole vwayaj nou yo, amitye nou yo ak relasyon nou yo, famiyal oswa lòt kalite. Khmer Rouge yo te dikte kijan nou te ka abiye, pale, viv, travay, dòmi ak manje.

Depi douvanjou rive nan lè solèy kouche, nou te fouye tranche, nou te bati baraj epi nou te plante rekòt. Pandan vant nou te gonfle ak grangou, sòlda Khmer Rouge yo ak zam yo t ap veye jaden yo pou anpeche nou vòlè. Kèlkeswa jan nou te travay di, yo pa t janm ban nou ase manje pou nou manje. Nou te toujou grangou e nou te prèske mouri grangou. Pou nou te siviv, nou te manje tout bagay ki te ka manje, ak anpil bagay nou pa t dwe janm manje. Nou te manje fèy pouri, ak fwi ki te tonbe atè rive nan rasin nou te fouye yo. Rat, tòti ak koulèv ki te pran nan pyèj nou yo pa t gaspiye pandan n ap manje sèvo yo, ke yo, po yo ak san yo. Si nou te gen tan lib, nou te pase l ap mache nan jaden yo ap chase ti bèt, ensèk ak krikèt . . .

Sous: Loung Ung, *Lucky Child (Timoun ki gen chans)*, HarperCollins, 2005

Dokiman 4

Ekstrè sa a soti nan yon atik nan *grassroots*, yon jounal kominotè benevòl ki pibliye nan Afrik Disid.

Kontwòl [mouvman] depasman ak politik preferans travayè po fonsè yo te jwe yon wòl enpòtan nan fristrasyon ak dezimanizasyon moun nwa nan Afrik Disid, dapre prèv ki prezante devan Tribinal Siprèm Cape Town nan.

Nan pwosè 13 gason ki te kondane pou koz li te solda Nasyonal Afriken an oswa ede sòlda yo, omwen sis nan akize yo te di fason politik kontwòl mouvman enfli rasyal gouvènman an te afekte yo yon fason negatif.

Sazi Veldtman, yon anplwaye lapòs 29 an ki soti Nyanga, te di tribinal la, kòm yon rediksyon nan santans li, kijan lwa pas yo te antrave lavi li, menm lè li te timoun.

Li te di li te vin Cape Town lè li te gen nevan, yon ti tan apre lanmò granpapa l. Manman l te mouri lè li te gen dezan. Pandan dezan, yo te refize ba l antre nan lekòl nan zòn Cape Towna paske yo te konsidere li kòm "ilegal".

Li te oblije kache chak fwa enspektè lwa pas yo te vin lakay matant li.

Veldtman te di yo te arete li paske l pa t gen yon pas lè li te gen 14 an. Li te aplike pou yon pas lè li te gen 16 an, men li te resevwa lòd pou l kite Western Cape pa "yon Mesye ki rele Fourie ki te di li pa enterese nan istwa m yo, li te tandè ase manti nan men nou menm bantou yo".

Veldtman te dekri imilyasyon ak soufrans lwa pas yo kòm "laperèz pou yon gwo kou grosye nan pòt nan mitan lannuit, imilyasyon anmè pou yon fouy san diyite, wont pou mari ak madanm lapolis rale yo soti nan kabann devan pitit yo epi mennen yo nan prizon". . .

Sous: "Trialists Tell of Suffering Under Pass Law System"
(Pwosesè yo rakonte soufrans yo anba sistèm Lwa Pas la), *Grassroots*, Jiyè 1987

Dokiman 5

PEKEN Yo toujou rele l "anivèsè a" isit la an silans. Si w ap chèche mo "Plas Tiananmen" sou Entènèt la nan peyi Lachin, ou petèt p ap jwenn anyen. Menm sou Weibo, ekivalan Twitter Lachin nan, kote Chinwa yo ap vin pi plis pou yo di sa yo panse, pa gen anpil kote yo mansyone Tiananmen. Anfèt, sou rezo sosyal yo, moun nan peyi a ki fè sipresyon bloke mo sa yo.

Se pa sèlman "Tiananmen" ki bloke sou Weibo. Mo: "jodi a" ak "4 jen" e menm karaktè Chinwa yo pou konbinezon dat/chif "6-4" yo bloke. Si w ap chèche sou Weibo nenpòt nan tèmsa yo, ou jwenn repons lan: "dapre lalwa, règleman ak politik ki enpòtan yo, rezilta rechèch yo pa parèt."

Jodi a, 4 jen [2013], se 24yèm anivèsè masak brital la nan sant Beijing, kote twoup ak tank ak fizi atak te kraze manifestan etidyan ki te opoze ak gouvènman an epi ki te etabli kan nan Plas Tiananmen. Telman gen detay ki kache nan mistè toujou, menm kantite moun ki mouri yo pa klè, epi yo pa konfime. Yo kwè plizyè santèn moun te mouri.

Nan yon epòk kote Chinwa yo ap chèche vwa yo, gen yon silans fòse lè li rive sou Plas Tiananmen. Natirèlman, gen pale nan kafe, biwo, ak nan taksi, men ofisyèlman—e elektwonikman—li trankil. . . .

Sous: Seth Doane, "Tiananmen Square: Great Firewall All but Hides the 24th Anniversary of China Massacre" (Gwo miray dife a prèske kache 24yèm anivèsè masak Lachin nan), CBS News Online, 4 jen 2013

Se nou k deside kite paj sa a vid.

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt fi nal ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen an se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Youn oswa de lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa</i> dokiman ki kore pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki kore pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope esplikasyon pou pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifi kativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa a?		1 2 3 4 5	

Gade ankò paj **24** pou revize sa a pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

